

Ou menm, Bebe Ou an, ak Vaksen kont COVID-19 lan pandan Pwogrès Ou

Yo rekòmande vaksen kont COVID-19 lan pandan gwo sè pou moun ki ap bay tete, e pou sila yo ki ap panse pou yo tonbe ansent byento. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (CDC), Kolèj Ameriken pou Obstetriks ak Jinekoloji a ak Sosyete pou Medsin Matènèl ak Fetal dakò solidman sou rekòmandasyon sa a.

Poukisa?



Vaksen kont COVID-19 lan Pwoteje OU

- Moun ki ansent yo gen pi gwo risk pou vin trè malad ak COVID-19 la. Etid yo montre moun ki ansent yo gen plis chans pou yo ospitalize, egzije swen entansif, bezwen yon respiratè oswa tib respirasyon, e yo gen plis risk pou mourir nan COVID-19 lan konpare ak sila yo ki pa ansent yo.
- Pa gen okenn prèv syantifik pou jistifye gen yon lyen ant vaksen kont COVID-19 lan ak enfètilite oswa foscouch. Vaksen an alafwa san danje e efikas pandan gwo sè lan, e se pi bon fason pou pwoteje kont potansyèl domaj COVID-19 lan.
- Plizyè santèn milye moun ki ansent ki te vaksinen te rapòte tèt yo nan pwogram v-safe CDC an. Kèk moun te rapòte efè segondè pouse vaksen an, okenn nan yo pa t danje pou gwo sè yo an. Efè segondè lejè tankou reyakson nan zòn yo te resevwa piki an, frison, maltèt oswa lafyèv nòmal e yo atann yo pandan kò ou ap devlope repons iminitè pou pwoteje I kont COVID-19 lan. Li bon pou pran assetaminofèn pandan gwo sè lan si ou devlope efè segondè. Efè segondè sa yo prèske pa gen chans pou yo afekte gwo sè ou an nan okenn fason.



Vaksen kont COVID-19 la Pwoteje BEBE OU AN

- Akouchman pafwa nesesè pou amelyore respirasyon pasyan ki ansent lan e pou rezon sa a, nesans anvan lè pi frekan nan gwo sè ki konplike yo akoz COVID-19 la. Bebe premature yo konfwonte risk pou gen konplikasyon ki menase lavi yo.
- Kontrakte COVID-19 la pandan ou ansent gendwa ogmante risk pou akouchman nan sezaryèn, pre-eklanpsi ak timoun ki fèt tou mourir. Vaksen an, sou yon lòt bò, pa montre okenn efè danje sou gwo sè lan, kwasans oswa devlopman fetis la oswa akouchman an.
- Si ou vaksinen, ou gendwa pase antikò yo bay bebe ou an pou founi pwoteksyon neyonal kont COVID-19 la. Anfèt, yo jwenn antikò vaksen an pwovoke yo kont SARS-CoV-2 an nan ni san kòdon onbilikal lan ak lèt manman an apre vaksinasyon kont COVID-19 lan pandan gwo sè lan.

Nou ankouraje ou pale ak obstetrisyen ou an oswa founisè swen prensipal ou an pou diskite sou nenpòt enkyeted.



Resous ki Itil

Eskane kòd QR yo ak telefòn ou pou gade de videoyo ki gen ladan yo ekspè BIDMC ki ap diskite sou vaksen an ak plis detay.



Mande Ekspè yo: Vaksen kont COVID-19 la ak Gwo sè



Vaksen kont COVID-19 la ak Gwo sè:
Sa Ou Bezwen Konnen

Pou enfòmasyon sou pwogramasyon dat vaksen kont COVID-19 ou an, tanpri vizite coronavirus.bilh.org/rollout.